Oumar Moussa Ba

<u>Ñetti xarit yu doon jamaale te yëgóówuñu</u>

Ñetti xarit ñoo doon jamaale te yëgóówuñu ci ndaw su ñuy wax Soxna Faatu.

Ñu di fa dem ba am benn bés, kenn ki waaj ab tukki, dem di tàgguji Soxna Faatu. Mu né ko soo demee bay ñibbisi, nanga ma jëndal ab kamisol. Mu né ko baax na.

Waa ji bàyyikóó fa ci fan yooyu daldi tukki. Ñaareel ba dem fa moom itam, né Soxna si, man de, sama ñówu tey bi, mooy ñów tàggusi la.

Mu né ko yow it dangay tukki ?

Mu né ko waaw.

Mu né ko boo demee daal bay ñibbisi, nanga ma jëndal ab sér.

Mu né ko waaw, baax na.

Ñu teg ci ay fan, ñetteel bi ñów fa moom itam di tàggu Soxna si. Mu né ko yow it dangay tukki.

Mu né ko waaw.

Mu né ko su la Yàlla yóbbóó ba ngay ñibbisi, na nga ma jëndal ay dàll.

Mu né ko baax na.

Gaa yi bàyyikóó fa nag tase ñoom ñett ca rééw moomu ñu jëm, nekkati fa nekkin wu mel ni wa ñu nekkewoon ci seen dëkk, ba am benn bés, kenn ki xéy di doxantu ba taseeg kuy jaay ab seetu.

Mu né ko seetu bi ñaata ?

Waa ji né ko seetu bi déy ñetti tééméér laa koy jaaye, boo xamoon njariñam, dina la jaral sax junni.

- Mu né ko seetu bi, ndax mën nga maa won njëriñam ?

- Mu né ko waawaaw !

- Kaay fii taxaw ci sama wet, xool ci seetu bi ; boo xoolee, lépp li nga bëgg dinga ko gis.

Mu daldi dikk taxaw ci wetu waa ji, ñu xoolandoo ñoom ñaar ci seetu bi. Waa ji gis ci waa këram, gisaale ci Soxna Faatu, Coroom loolu mu bayyiwóón ginnaaw,mu ànd ceeg mbégté lool, daldi jënd seetu bi, dikk. Saa yu xéyéé rekk xool ci seetu bi, gis waa dëkk ba, gis Soxna Faatu.

Mu am bonn bés, ñaareelu jamaale bi, moom itam, di doxantu ba taseeg kuy jaay ab der.

- Mu né ko Góór gi sa der bi ñaata lay jar ?
- Mu né ko sama der bi, ñeenti téeméér laa koy jaaye.
- Mu né ko ñeenti téeméér seer na ci der bi, wàññi ko.

Waa ji né ko, der bi dé, soo xamoon njëriñam, dina la jaral sax junni.

- Mu né ko luy njëriñam ?
- Mu né ko der bi boo ci toogee rekk gëmm, fépp foo bëgg dem fa ngay xippéé bu soobee Yàlla ag Yonent bi.
- Mu né ko xanaa déédéét !
- Mu né ko waaw waaw.
- Mu né ko ndax mën nga maa won misaalam ?
- Mu né ko kaay toog ci der bi.

Mu toog ci der bi dend ag waa ji.
- Mu né ko gëmmal !

Ñu gëmm ñoom ñaar rekk xippéé ci menneen rééw. Ñu gëmmaat, ñu xippiwaat fi ñu bàyyikóó. Moom it mu daldi fey waa ji, jël der bi indi ko, denc.

Mu am benn bés, ñetteelu jamaale bi ci des, di doxantu moom it ba taseeg kuy jaay aw yàt.

- Mu né ko Goor gi sa yàt wi ñaata nga koy jaaye ?
- Mu né ko sama yày wi dëy ñetti téémëér laa koy jaaye.
- Mu né ko ñetti téémëér ciy yàt ? Wàññi ko, ma jënd ko.
- Mu né ko yàt wi dé, sama waay boo xamoon luy njëriñam, doo ko wàññilu.

- Mu né ko yàt wi sax luy njëriñam ?

- Mu né ko yày wi lépp lu dee boo ko ko tegee rekk mu jóg.

- Mu né ko xanaa déédéét ?

- Mu né ko waawaaw !

- Mu né ko ndax mën nga maa won misaal ci loolu nga ma wax ?
- Mu né ko waawaaw.

Noonu ñul daldi geestu yem ci xar mu méddóón.

- Mu né ko na nu dem seet ko ci xar mee.

Ba ñu dikkéé ba tiim xar mi, waa ji jël yàt wi teg ko ci kow xar mi, xar mi daldi jóg di dow.

Mu daldi fey waa ji, jël yàt wi, ñibbi.

Mu am benn bés nag, boroom seetu bi xëy, daldi jël seetu bi, xool ci waa këram, xool ci Soxna Faatu, mu daldi gis Soxna Faatu faatu ; mu gis ci seetu bi nit ñi di ko yóóxóó. Mu wóór ko ni Soxna Faatu moomu mu bàyyiwóón ginnaaw dee na, muy jooy, di jooy, di jooy. Xarit yi né ko, waay yow sa jooy yi lu ko waral ?

- Mu né leen man dé sama coro li ma bayyiwóón ginnaaw te ñu daan ko wax Soxna Faatu moo dee.

- Ñu né ko man Soxna Faatu ?
- Mu né leen xanaa ma ca sunum réew.

Ñaar ñi né ko ku la xamloo Soxna Faatu ag ku la né dee na ?

- Mu né leen kaayléén xool fii ci seetu bi.

Gaa ñi xool ñoom itam gis ndow si, xam né menn Soxna Faatu mi la. Noonu ñuy werante ku ci nekk naan ndow sii samas ndow la.

Boroom der bi né leen, xam ngéén nan lanuy def, ñówléén toog ci sama der bi nu dow gaaw ndax nu mën fekkee dëj bi. Xarit ñów toog ci wetam.

Mu né leen gëmmléén !

Ñu gëmm daldi xippi ci seen dëkk, maanaam dëkk bi Soxna Faatu nekk.

Ñu ñów ci kër Soxna Faatu, ñu né leen suuli nañu ko.

Ñu dow dax fekkee suul bi. Ñu fekk ñu tëral ko ba di ko waaja duggal ci bàmmeel bi. Noonu Boroom yàt wi fab yàtam teg ko Soxna Faatu mu daldi dekki.

Ñu nuyyóóg moom. Mu gëram leen bu baaxa-baax, waaye nag mu jàq lool.

Ñu lëën di laaj yéén ñi déglu, ñetti góór yooyu, maanaam Boroom seetu bi, Boroom der bi ag Boroom yàt wi, kan moo ci gën yeyoo Soxna Faatu, maanaam ci ñoom la Soxna Faatu wara jublu.